Bu ma bañul woon a sonal jullit ñi -walla sama xeet wi- kon dina leen digal socc ci julli gu nekk

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "Bu ma bañul woon a sonal jullit ñi -walla sama xeet wi- kon dina leen digal socc ci julli gu nekk"

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne bu ragalul woon coono ci kaw way-gëmi xeetam wi kon dana waral ci ñoom ñuy jëfandikoo socc ci gépp julli.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3364